

Kontinye souri

DeltaCare® USA

Ofri pa:
Delta Dental Insurance Company



Benefis dantè nou rann fasil!

Lè w enskri nan yon plan DeltaCare USA¹, ou pral chwazi yon dantis pou swen primè nan rezo nou an ki gen dantis nou tyeke avèk anpil prekosyon, ki nan klinik prive. Ou dwe vizite dantis swen primè w la pou ka resevwa benefis yo.²

- Pa gen restriksyon pou yon pwoblèm ki te deja egziste (eksepte pou travay ki deja kòmanse)
- Aksè nan swen espesyalize ak swen nan kadijans si w andeyò zòn sèvis la

Yon patnè nan sante oral

Plan DeltaCare USA w la ankouraje pou moun resevwa swen dantè regilye avèk yon lis long ki gen sèvis ki kouvri yo pou ede w rete an sante.

- Kotpa ki ba oswa okenn kotpa pou sèvis tankou netwayaj ak egzamen

Pri ki pap kraze bidjè w

Avèk plan DeltaCare USA w la, pa gen okenn sipriz. Ou pral konnen kotpa w, epi kantite lajan w ap depanse defini klèman anvan menm yo kòmanse tretman an.

- Pa gen franchiz oswa maksimòm³ pou sèvis ki kouvri yo
- Peye kotpa w la sèlman (si genyen) nan lè w ap resevwa tretman an

Sèvis ki pratik

Nou rann li fasil pou ou — pa gen okenn fòm reklamasyon pou ranpli, epi pa gen okenn kat ID pou plan an ki obligatwa pou resevwa tretman.

- Gen aksè nan enfòmasyon plan an sou entènèt
- Chanje dantis swen primè w la pa telefòn oswa sou entènèt

Delta Dental Insurance Company ofri benefis kòm yon Òganizasyon sèvis sante limite ki peye davans jan yo dekri I nan Chapit 636 Lwa Florid yo.

NOTIS LEGAL: Gen aksè nan notis legal federal ak leta ki gen rapò ak plan w lan: deltadentalins.com/about/legal/index-enrollee.html

¹ Antite ki site anba la a souskri DeltaCare USA nan eta sa yo: AL — Alpha Dental of Alabama, Inc.; AZ — Alpha Dental of Arizona, Inc.; CA — Delta Dental of California; AR, CO, IA, MA, MI, MN, NE, OR, RI, SC, WA, WI — Dentegra Insurance Company; DC, DE, FL, GA, KS, TN, WV — Delta Dental Insurance Company; HI, ID, IL, IN, KY, MD, MO, NJ, OH, TX — Alpha Dental Programs, Inc.; NV — Alpha Dental of Nevada, Inc.; UT — Alpha Dental of Utah, Inc.; NM — Alpha Dental of New Mexico, Inc.; NY — Delta Dental of New York, Inc.; PA — Delta Dental of Pennsylvania; VA — Delta Dental of Virginia. Delta Dental Insurance Company aji antanke administratè DeltaCare USA nan tout eta sa yo. Konpayi sa yo responsab finansyèman pou pwòp pwodui yo.

² Nou rekòmande pou verifye sou entènèt la dantis la se dantis swen primè ou te chwazi nan DeltaCare USA a anvan chak randevou.

³ Plan ki gen yon avenan pou blesi aksidantèl genyen yon maksimòm \$1600 pa ane pou blesi aksidantèl. Konsilte Prèv/Sètifikasi Asirans ou an.



Nou fè w kontinye souri
(We keep you smiling®)

deltadentalins.com/enrollees

KESYON MOUN POZE SOUVAN AK REPONS YO

Repons pou kesyon moun poze souvan konsènan plan DeltaCare USA w la

POU KÒMANSE

1. Ki jan pou m enskri nan yon plan DeltaCare USA?

Sèlman swiv pwosesis enskripsyon an menm jan administratè benefis la te eksplike l la. Asire w ou chwazi yon dantis swen primè nan rezo a pou oumenm oswa depandan w yo, epi endike dantis sa a ak non gwoup ou a lè w enskri.

2. Ki jan pou m kòmanse itilize plan DeltaCare USA m nan?

Yonfwa nou fin travay sou enskripsyon w lan, nou pral voye materyèl byenveni pa lapòs ki pral genyen ladan l:

- Non, adrès ak nimewo telefòn dantis swen primè ou te chwazi a:** Sèlman rele klinik dantè a pou pran yon randevou. **Nòt enpòtan:** Pou ka resevwa benefi nan plan w lan, ou dwe vizite dantis swen primè nan rezo a pou tout sèvis yo. Si ou bezwen swiv yon tretman nan men yon espesyalis, dantis swen primè w la pral koòdone yon rekòmandasyon pou ou. Ou ka chanje dantis swen primè w la lè w kontakte nou.
- Prè/Sètifikasi Asirans ou an (tiliv plan an):** Dokiman ki itil sa a ofri yon deskripsiyon detaye sou fason pou itilize benefis ou yo, ikonpri sèvis ki kouvri, kotpa ak nenpòt limit ak eksklizyon plan w lan.
- Yon kat ID:** Kat sa a se pou dosye w sèlman — ou pa bezwen prezante l pou ka resevwa tretman.

3. Konbyen tan sa pran pou jwenn yon randevou avèk dantis swen primè mwen an?

De a kat semèn¹ se yon kantite tan ki rezonab pou ret tann pou yon randevou woutin, ki pa ijan. Si w bezwen yon lè ki presi, ou ka bezwen tann pi lontan. Pifò dantis DeltaCare USA yo travay nan klinik prive,

sa vle di jeneralman yo gen plis disponiblite pou jwenn randevou ak lè klinik yo ouvri pi ta.

4. Konbyen kòb tretman dantè m nan pral koute? Ki jan pou m peye?

Avèk plan DeltaCare USA w la, yo kouvri kèk sèvis san w pa peye senk kòb, alòske gen kèk lòt ki gen yon kotpa (montan ou peye) pou kèk sèvis. Pou ka konnen konbyen kòb yon tretman pral koute w, gede nan "Deskripsiyon benefis ak kotpa" nan bwochi sa a pou yon lis sèvis ki kouvri ak kotpa. Se yon bon ide pou pote Prèv/Sètifikasi Asirans ou an avèk ou nan randevou w lan ankake ou bezwen diskite sou kotpa w la pou yon sèvis avèk dantis ou a. Si w gen nenpòt kesyon konsènan chaj pou yon sèvis, tanpri kontakte depatman sèvis kliyan nou an. Si w resevwa tretman ki mande pou peye yon kotpa, senpleman peye etablisman dantè a nan moman ou resevwa sèvis la.

POU CHWAZI YON DANTIS

5. Ki jan pou m chwazi dantis swen primè m nan?

Lè w enskri, ou dwe chwazi yon dantis swen primè nan rezo DeltaCare USA a. Pou chèche yon dantis, itilize zouti ki make "Find a Dentist" la nan deltadentalins.com epi chwazi DeltaCare USA kòm rezo w la. Si w pa chwazi yon dantis lè w enskri, nou pral chwazi youn pou ou.

6. Èske tout moun nan fanmi m oblige chwazi menm dantis swen primè?

Non. Chak manm fanmi ka chwazi pwòp dantis pou swen primè pa l nan rezo a.

7. Èske m ka chanje dantis swen primè mwen an?

Wi. Ou ka mande pou chanje dantis swen primè w la nenpòt lè. Senpleman vizite sitwèb nou an epi ouvri kont sèvis sou entènèt ou a oswa ou ka rele oswa ekri sèvis kliyan. Demann pou chanjman nou resevwa sou 21^{èm} jou nan mwa a pral vin anvigè nan premye jou pwochen mwa a.

¹ Nan TX, twa semèn se yon kantite tan ki rezonab pou tann pou yon randevou woutin, ki pa ijan. Nan TX, pa gen limit sou kantite mil oswa sou kantite montan lajan pou chak kadijans.

8. Dantis mwen an di li se yon dantis Delta Dental, men non I pa site nan lis DeltaCare USA a. Èske m ka toujou vizite I pou m jwenn sèvis?

Non. Ou dwe vizite dantis swen primè ou te chwazi nan rezo a pou resevwa benefis nan plan sa a. Delta Dental genyen anpil rezo, epi patisipasyon yo ka varye — se pa tout dantis Delta Dental ki dantis DeltaCare USA.

9. Ki sa pou m fè si m bezwen wè yon espesyalis?

Si w bezwen swen dantè espesyalize — tankou chiriji oral, endodonsi, peryodonsi oswa dantisri pedyatrik — kontakte dantis swen primè w la pou mande yon rekòmandasyon. Nou dwe bay otorizasyon pou sèvis dantè espesyalize kote se pa dantis swen primè ou chwazi a ki bay sèvis sa yo. Ou responsab pou tout kotpa ki aplikab.

ENFÒMASYON JENERAL PLAN AN

10. Si m ap vwayaje, èske tretman nan kadijans kouvri nan plan m nan?

Ou menm ak depandan w yo ki elijib genyen kouvèti andeyò zòn sèvis la pou kadijans dantè lè w nan yon distans ki plis pase 35 mil² de dantis swen primè w la. Benefis pou kadijans lè w andeyò zòn sèvis la (tipikman ki limite a \$100 pou chak moun ki enskri³) se pou sèvis pou soulaje doulè jiskaske w ka retounen al wè dantis swen primè ki nan rezo w la. Limit, esklizyon ak kotpa nòmal plan anka aplikab.

11. Èske m ka gen aksè nan plan m nan sou entènèt?

Wi. Vizite deltadentalins.com/enrollees pou kreye yon kont sèvis sou entènèt ki gratis epi ki sekirize. Sou sitwèb nou an, ou ka gen aksè nan benefis plan w lan ak kat ID w la, chwazi (oswa chanje) dantis swen primè w la — ak lòt bagay ankò.

² Nan TX, pa gen limit sou kantite mil oswa sou kantite montan lajan pou chak kadijans.

³ Nan TX, pa gen eksepsyon pou travay ki deja kòmanse pou benefis DeltaCare USA kouvri.

12. Èske plan m nan kouvri kondisyon ki te deja egziste? E tretman ki te deja kòmanse?

Tretman pou kondisyon ki te deja egziste (eksepte pou tretman ki deja kòmanse³), ikonpri dan ki pèdi oswa ou te rache, kouvri nan plan w lan. Tretman ki deja kòmanse enkli sèvis tankou preparasyon pou kouwòn oswa anprend pou pwotèz dantè. Si w te kòmanse tretman anvan dat plan w lan rantre anvigè, oumenm ak konpayi asirans dantè ou te genyen anvan an responsab pou nenpòt depans pou sa. Kék plan DeltaCare USA ka kouvri tretman ôtodontik ki deja kòmanse.

13. Èske plan m nan kouvri blanchisman dan?

Wi. Blanchisman ekstèn se yon benefis nan plan DeltaCare USA w lan. Egzamine tiliv plan w lan pou plis enfòmasyon epi pale ak dantis ou a konsènan opsyon ou genyen.

14. Eske plan mwen an kouvri plonbaj ki gen koulè dan an ak kouwòn?

Wi. Materyèl an pòslèn ak lòt materyèl koulè dan an enkli nan plan sa a.

15. E si m gen plis kesyon konsènan plan mwen an?

Tanpri kontakte nou si w bezwen plis sipò. Ajan sèvis kliyan nou yo ka reponn kesyon w genyen sou benefis yo epi ede w chanje dantis swen primè w la oswa aranje pou rekòmandasyon swen ijan. Gade paj ki nan do bwochi sa a pou enfòmasyon sou fason pou kontakte nou.

Nou rann li fasil pou ou!



Chwazi yon dantis DeltaCare USA



Resevwa materyèl byenveni w lan



Mete yon randevou



Resevwa swen dantè



Peye dantis la sèlman pòsyon pa w la

ORÈ A**Deskripsiyon sou benefis ak kotizasyon**

Nou bay benefis ou wè pi ba yo, lè dantis ki gen kontra k ap bay swen an jije sa nesesè dapre limit ak esklizyon ki nan pwogram lan. Tanpri gade Orè B pou plis eklésisman sou benefis yo. **Moun ki nan pwogram lan ta dwe diskite tout opsyon tretman yo ak dantis ki gen kontra pa yo avan yo resevwa sèvis.**

Yo mete tèks ki parèt ann italik pi ba a eksprè pou eklèsi fason yo bay sèvis dapre pwogram DeltaCare USA epi yo pa dwe entèprete I kòm kòd pwosedi CDT-2017, deskriptè yo oswa nomenklati dapre dwa otè American Dental Association. American Dental Association la ka chanje kòd CDT oswa definisyon yo detanzantan. Tankou yo ka itilize kòd yo revize, deskriptè ak nomenklati pou dekri pwosedi ki kouvari yo an respè ak lwa federal.

KÒD	DESKRIPSYON	PATISIPAN AN PEYE
D0100-D0999 I. DYAGNOSTIK		
D0120	Evalyasyon oral peryodik - pou pasyan ki etabli	Gratis
D0140	Evalyasyon oral limite - aksan sou problèm	Gratis
D0145	Evalyasyon oral pou yon pasyan ki poko gen twazan ak konsèy pou moun prensipal k ap pran swen I.....	Gratis
D0150	Evalyasyon oral komplè - pasyan ki nouvo oswa ki etabli	Gratis
D0160	Evalyasyon oral detaye e awpfondi - aksan ou pwoblèm, selon rapò	Gratis
D0170	Re-evalyasyon - limite, aksan sou pwoblèm (pasyan ki etabli; pa pou vizit aprè operasyon)	Gratis
D0171	Re-evalyasyon - vizit nan ofis aprè operasyon.....	\$5.00
D0180	Evalyasyon peryodontal - pasyan ki nouvo oswa ki etabli	Gratis
D0190	Seleksyon yon pasyan	Gratis
D0191	Evalyasyon yon pasyan	Gratis
D0210	Entra-oral - seri imaj radyografik konplè - <i>limite a 1 seri chak 24 mwa</i>	Gratis
D0220	Entra-oral - premye imaj radyografik periapikal.....	Gratis
D0230	Entra-oral - chak lòt imaj radyografik periapikal	Gratis
D0240	Entra-oral - imaj radyografik oklizal	Gratis
D0250	Ekstra-oral - imaj radyografik pwojeksyon 2D yo kreye lè yo itilize yon sous radyasyon estasyonè, ak detektè	Gratis
D0251	Ekstra-oral imaj radyografik posteryè dantè	Gratis
D0270	Entè-pwoksimal - yon imaj radyografik	Gratis
D0272	Entè-pwoksimal - de imaj radyografik.....	Gratis
D0273	Entè-pwoksimal twa imaj radyografik	Gratis
D0274	Entè-pwoksimal - kat imaj radyografik <i>limite a 1 seri chak 6 mwa</i>	Gratis
D0277	Entè-pwoksimal vètikal - 7 a 8 imaj radyografik	Gratis
D0330	Imaj radyografik panoramik.....	Gratis
D0415	Koleksyon mikwo-òganis pou kilti ak sansiblite	Gratis
D0425	Tès siseptibile pou kari dantè	Gratis
D0460	Tès vitalite chè a	Gratis
D0470	Moul pou dyagnostik	Gratis
D0472	Aksè nan tisi, egzamen angwo, preparasyon epi transmisyon rapò ekri	Gratis
D0473	Aksè nan tisi, egzamen angwo e mikwoskopik, preparasyon epi transmisyon rapò ekri.....	Gratis
D0474	Aksè nan tisi, egzamen angwo e mikwoskopik, ikonpri evalyasyon maj chirijikal pou tyeke pou prezans maladi, preparasyon epi transmisyon rapò ekri.....	Gratis
D0601	Evalyasyon risk kari dantè ak dokimantasyon, avèk yon obsèvasyon risk ki ba - <i>1 chak 3 an</i>	Gratis
D0602	Evalyasyon risk kari dantè ak dokimantasyon, avèk yon obsèvasyon risk ki modere - <i>1 chak 3 an</i>	Gratis
D0603	Evalyasyon risk kari dantè ak dokimantasyon, avèk yon obsèvasyon risk ki wo - <i>1 chak 3 an</i>	Gratis
D0999	Pwosedi dyagnostik ki pa presize, dapre rapò - <i>ki gen ladan / vizit nan ofis, chak vizit (anplis de lòt sèvis yo)</i>	\$5.00
D1000-D1999 II. PREVANTIF		
D1110	Pwofilaksi <i>netwayaj</i> - adilt - <i>1 D1110, D1120 oswa D4346 chak periòd 6 mwa</i>	Gratis
D1110	<i>Netwayaj pwofilaksi siplémenté - adilt (nan peryòd 6 mwa a)</i>	\$45.00
D1120	Pwofilaksi <i>netwayaj</i> - timoun - <i>1 D1110, D1120 oswa D4346 chak peryòd 6 mwa</i>	Gratis
D1120	<i>Netwayaj pwofilaksi siplémenté - timoun (nan peryòd 6 mwa a)</i>	\$35.00
D1206	Aplikasyon lokal fliyori avèk vèni - <i>timoun jiska 19; 1 D1206 oswa D1208 chak peryòd 6 mwa</i>	Gratis
D1208	Aplikasyon lokal fliyori san vèni - <i>timoun jiska 19; 1 D1206 oswa D1208 chak peryòd 6 mwa</i>	Gratis
D1310	Konsèy nitrisyonèl pou kontwole maladi dantè.....	Gratis
D1330	Enstriksyon pou ijyèn oral.....	Gratis
D1351	Mastik - pou chak dan - <i>limite a molè pèmànan yo jiska laj 15 zan</i>	\$10.00

D1352	Prevansyon restorasyon rezin pou pasyan ki risk modere a risk ki wo pou kari -nan dan pèmànan - <i>limite a molè pèmànan yo jiska laj 15 zan</i>	\$10.00
D1353	Reparasyon mastik - pou chak dan - <i>limite nan molè pèmànan yo jiska laj 15 zan</i>	\$10.00
D1354	Aplikasyon medikaman pwovizwa pou anpeche kari - <i>timoun jiska 19 an; 1 pou chak peryòd 6 mwa</i>	Gratis
D1510	Aparèy pou mentni espas - fiks - inilateral	\$60.00
D1515	Aparèy pou mentni espas - fiks - bilateral	\$60.00
D1520	Aparèy pou mentni espas - demontab - inilateral	\$70.00
D1525	Aparèy pou mentni espas - demontab - bilateral.....	\$70.00
D1550	Re-simante oswa releye aparèy pou mentni espas.....	\$12.00
D1555	Retire aparèy fiks pou mentni espas	\$12.00
D1575	Aparèy chosi distal pou mentni espas - fiks - inilateral - <i>timoun jiska laj 9 an</i>	\$60.00

D2000-D2999 III. RESTORATIF

- Ikonpri polisaj, tout ajan adezyon ak lyezon, kwafaj endirèk pilp la, baz, revètman ak pwosedi dekapaj ak asid.

- Lè gen plis pase sis kouwòn nan menm plan tretman an, yo ka chaje yon moun ki enskri yon \$100 dola anplis pou chak kouwòn aprè 6yèm inite a.

- Ranplasman kouwòn inle ak onnle nesesite pou restorasyon ki te deja la pou l gen plis pase 5 an.

D2140	Amalgàm - yon sifas, dan primè oswa pèmànan	Gratis
D2150	Amalgàm - de (2) sifas, dan primè oswa pèmànan.....	Gratis
D2160	Amalgàm - twa sifas, dan primè oswa pèmànan.....	Gratis
D2161	Amalgàm - kat (4) sifas oswa plis, dan primè oswa pèmànan.....	Gratis
D2330	Konpozit abaz gòm - yon sifas, anteryè	\$5.00
D2331	Konpozit abaz gòm - de sifas, anteryè	\$10.00
D2332	Konpozit abaz gòm - twa sifas, anteryè.....	\$15.00
D2335	Konpozit abaz gòm - kat sifas oswa plis oswa ki enplike ang ensizif (anteryè).	\$50.00
D2390	Kouwòn konpozit abaz gòm, anteryè.....	\$60.00
D2391	Konpozit abaz gòm - yon sifas, posteryè.....	\$55.00
D2392	Konpozit abaz gòm - de sifas, posteryè	\$65.00
D2393	Konpozit abaz gòm - twa sifas, posteryè.....	\$75.00
D2394	Konpozit abaz gòm - kat sifas oswa plis, posteryè.....	\$85.00
D2510	Inle - metalik - yon sifas	\$170.00
D2520	Inle - metalik - de sifas.....	\$180.00
D2530	Inle - metalik - twa sifas oswa plis	\$190.00
D2542	Onnle - metalik - de sifas.....	\$185.00
D2543	Onnle - metalik - twa sifas	\$195.00
D2544	Onnle - metalik - kat sifas oswa plis	\$215.00
D2610	Inle - pòslèn/seramik - yon sifas	\$295.00
D2620	Inle - pòslèn/seramik - de sifas	\$330.00
D2630	Inle - pòslèn/seramik - twa sifas oswa plis	\$350.00
D2642	Onnle - pòslèn/seramik - de sifas	\$325.00
D2643	Onnle - pòslèn/seramik - twa sifas	\$360.00
D2644	Onnle - pòslèn/seramik - kat sifas oswa plis	\$380.00
D2650	Inle - Konpozit abaz gòm - yon sifas	\$195.00
D2651	Inle - Konpozit abaz gòm - de sifas	\$220.00
D2652	Inle - Konpozit abaz gòm - twa sifas oswa plis	\$255.00
D2662	Onnle - Konpozit abaz gòm - de sifas	\$250.00
D2663	Onnle - Konpozit abaz gòm - twa sifas	\$275.00
D2664	Onnle - Konpozit abaz gòm - kat sifas oswa plis	\$320.00
D2710	Kouwòn - Konpozit abaz gòm (endirèk)	\$160.00
D2712	Kouwòn - $\frac{3}{4}$ Konpozit abaz gòm (endirèk)	\$160.00
D2720	Kouwòn - gòm ki gen metal nòb bon kalite	\$320.00
D2721	Kouwòn - gòm ki prensipalman gen metal komen	\$220.00
D2722	Kouwòn - gòm ki gen metal nòb	\$260.00
D2740	Kouwòn - pòslèn/sibstra seramik	\$380.00
D2750	Kouwòn - pòslèn ki fonn ak metal nòb bon kalite	\$380.00
D2751	Kouwòn - pòslèn ki fonn prensipalman ak metal komen	\$280.00
D2752	Kouwòn - pòslèn ki fonn ak metal nòb	\$320.00
D2780	Kouwòn - $\frac{3}{4}$ moul metal nòb bon kalite	\$380.00

D2781	Kouwòn - ¾ moul ki fèt prensipalman ak metal komen.....	\$280.00
D2782	Kouwòn - ¾ moul metal nòb.....	\$320.00
D2783	Kouwòn - ¾ pòslèn/seramik	\$380.00
D2790	Kouwòn - moul konplè metal nòb bon kalite.....	\$380.00
D2791	Kouwòn - moul konplè ki fèt prensipalman ak metal komen.....	\$280.00
D2792	Kouwòn - moul konplè metal nòb	\$320.00
D2794	Kouwòn - titàn	\$380.00
D2910	Re-simante oswa relye inle, onnle, plakèt oswa restorasyon kouvèti pasyèl.....	\$15.00
D2915	Re-simante oswa relye endirèkteman poto ak nwayo ki fabrike oswa pre-fabrike.....	\$15.00
D2920	Re-simante oswa relye kouwòn	\$15.00
D2921	Re-attachman fragman dan, bòdi ensizif oswa pwent (<i>anteryè</i>)	\$50.00
D2929	Kouwòn pòslèn/seramik prefabrike - dan primè - <i>anteryè</i>	\$75.00
D2930	Kouwòn asye inoksidab pre-fabrike - dan primè	\$65.00
D2931	Kouwòn asye inoksidab pre-fabrike - dan pèmanan	\$65.00
D2932	Kouwòn ki fèt ak gòm pre-fabrike - <i>dan primè anteryè</i>	\$85.00
D2933	Kouwòn asye inoksidab pre-fabrike avèk fenèt gòm - <i>dan primè anteryè</i>	\$75.00
D2940	Restorasyon pwotektif.....	\$15.00
D2941	Restorasyon terapeutik pwovizwa - dantisyon primè	\$15.00
D2949	Fondasyon restoratif pou yon restorasyon endirèk	\$65.00
D2950	Rekonstitisyon kowonè, ikonpri nenpòt tenon lè sa nesesè	\$65.00
D2951	Retansyon tenon - pou chak dan, anplis de restorasyon	\$10.00
D2952	Poto ak nwayo anplis de kouwòn, fabrike endirèkteman - <i>enkli preparasyon kanal</i>	\$95.00
D2953	Chak lòt poto ki fabrike endirèkteman - menm dan - <i>enkli preparasyon kanal</i>	\$70.00
D2954	Poto ak nwayo pre-fabrike anplis de kouwòn - <i>poto metalik komen; enkli preparasyon kanal</i>	\$80.00
D2957	Chak lòt poto pre-fabrike - menm dan - <i>poto metalik komen; enkli preparasyon kanal</i>	\$60.00
D2971	Lòt pwosedи pou konstwi nouvo kouwòn anba ankadrement pwotèz dantè pasyèl ki te deja egziste	\$55.00
D2980	Reparasyon kouwòn ki nesesè akoz mankman nan materyèl restorasyon an	\$25.00
D2981	Reparasyon inle ki nesesè akoz mankman materyèl restorasyon	\$25.00
D2982	Reparasyon onnle ki nesesè akoz mankman materyèl restorasyon	\$25.00
D2983	Reparasyon plakèt ki nesesè akoz mankman materyèl restorasyon	\$25.00
D2990	Enfiltrasyon gòm lezyon sifas ki lis - <i>limite a molè pèmanan jiska laj 15 an</i>	\$10.00

D3000-D3999 V. ENDODONSI

D3110	Kwafaj pilp - dirèk (eskli restorasyon final)	Gratis
D3120	Kwafaj pilp - endirèk (eskli restorasyon final)	Gratis
D3220	Pilpotomi terapeutik (eskli restorasyon final) - anlèvman pilp kowonè a nan jonksyon dentinosimal ak aplikasyon medikaman.....	\$35.00
D3221	Debridman pilp, dan primè ak dan pèmanan	\$40.00
D3222	Pilpotomi pasyèl pou apeksojenèz - dan pèmanan avèk developman rasin enkonplè	\$35.00
D3230	Terapi pilp (plonbaj resòbab) - dan anteryè, primè (eskli restorasyon final)	\$50.00
D3240	Terapi pilp (plonbaj resòbab) - dan posteryè, primè (eskli restorasyon final)	\$50.00
D3310	<i>Kanal rasin</i> - terapi endodonsi, dan anteryè (eskli restorasyon final)	\$110.00
D3320	<i>Kanal rasin</i> - terapi endodonsi, dan pre-molè (eskli restorasyon final)	\$200.00
D3330	<i>Kanal rasin</i> - terapi endodonsi, molè (eskli restorasyon final)	\$350.00
D3331	Tretman obstriksyon kanal rasin; aksè non-chirijikal	\$75.00
D3332	Terapi endodonsi enkonplè; dan ki paka opere, paka restore oswa ki fraktire	\$75.00
D3333	Reparasyon defo pèforasyon rasin entèn	\$75.00
D3346	Retretman terapi kanal rasin ki te fèt deja - anteryè	\$140.00
D3347	Retretman terapi kanal rasin ki te fèt deja - pre-molè	\$230.00
D3348	Retretman terapi kanal rasin ki te fèt deja - molè	\$380.00
D3351	Apeksifikasiyon/rekalsifikasiyon - vizit inisyal (fèmti apikal/reparasyon pèforasyon kalsifye, rezòpsyon rasin, eksetera)	\$75.00
D3352	Apeksifikasiyon/rekalsifikasiyon - ranplasman medikaman pwovizwa (fèmti apikal/reparasyon pèforasyon kalsifye, rezòpsyon rasin, dezenfeksyon espas pilp, eksetera)	\$50.00
D3353	Apeksifikasiyon/rekalsifikasiyon - vizit final (enkli terapi kanal rasin ki konplete - fèmti apikal/reparasyon pèforasyon kalsifye, rezòpsyon rasin, eksetera)	\$50.00
D3410	Apisektomi - anteryè	\$130.00
D3421	Apisektomi - pre-molè (premye rasin)	\$140.00

D3425	Apisektomi - molè (premye rasin)	\$150.00
D3426	Apisektomi (chak rasin siplemantè)	\$90.00
D3427	Chiriji periradikilè san apisektomi	\$130.00
D3430	Plonbaj retwograd - chak rasin	\$70.00
D3450	Anpitasyon rasin - chak rasin.....	\$80.00
D3920	Emiseksyon (ikonpri tout anlèvman rasin), pa enkli terapi kanal rasin.....	\$70.00

D4000-D4999 V. PAWODONSI

- Enkli evalyasyon anvan e aprè operasyon epi tretman sou anestezi lokal.

D4210	Jenjivektomi oswa Jenjivoplasti -kat dan oswa plis ki konekte youn ak lòt oswa dan ki nan espas limite pa kadran ...	\$145.00
D4211	Jenjivektomi oswa Jenjivoplasti -yon dan jiska twa ki konekte youn ak lòt oswa espas limite pa kadran	\$85.00
D4212	Jenjivektomi oswa jenjivoplasti pou pèmèt aksè pou fè pwosedi restorasyon, pou chak dan.....	\$85.00
D4240	Pwosedi volè jenjival, ikonpri sifasaj radikilè - kat dan oswa plis ki konekte youn ak lòt oswa dan ki nan espas limite pa kadran.....	\$150.00
D4241	Pwosedi volè jenjival, ikonpri sifasaj radikilè - yon dan jiska twa ki konekte youn ak lòt oswa dan ki nan espas limite pa kadran.....	\$90.00
D4245	Volè ki pozisyonne apikalman.....	\$175.00
D4249	Ralonjman kouwòn klinik - tisi di.....	\$140.00
D4260	Chiriji ose (ikonpri elevasyon yon volè epesè total ak fèmti) - kat dan oswa plis ki konekte youn ak lòt oswa dan ki nan espas limite pa kadran.....	\$345.00
D4261	Chiriji ose (ikonpri elevasyon yon volè epesè total ak fèmti) - yon dan jiska twa ki konekte youn ak lòt oswa dan ki nan espas limite pa kadran.....	\$275.00
D4263	Grefon ranplasman zo - retansyon dan natirèl - premye sit nan kadran.....	\$225.00
D4264	Grefon ranplasman zo - retansyon dan natirèl - chak sit siplemantè nan kadran an.....	\$75.00
D4270	Pwosedi grefon pedikil tisi mou	\$225.00
D4274	Pwosedi pati mezyal/distal, yon sèl dan (lè sa pa fèt ansanm ak pwosedi chirijikal nan menm zòn anatomik la)	\$80.00
D4277	Pwosedi grefon tisi mou gratis (ikonpri sit chirijikal pou resipyen ak donatè) premye dan, grèf oswa pozisyon dan edante nan grèf la	\$225.00
D4278	Pwosedi grefon tisi mou gratis (ikonpri sit chirijikal pou resipyen ak donatè) chak lòt dan ki konekte youn ak lòt, grèf, oswa pozisyon dan edante nan menm sit grèf la.....	\$225.00
D4341	Detatraj pawodontal ak sifasaj radikilè - kat dan oswa plis pa kadran - <i>limite a 4 kadran pandan nenpòt 12 mwa konsekitif</i>	\$55.00
D4342	Detatraj pawodontal ak sifasaj radikilè - yon dan jiska twa pa kadran - <i>limite a 4 kadran pandan nenpòt 12 mwa konsekitif</i>	\$45.00
D4346	Detatraj lè gen enflamasyon jenjival modere a grav defason jeneralize - tout bouch la, aprè evalyasyon oral - 1 D1110, D1120 oswa D4346 pou chak peryòd 6 mwa	Gratis
D4355	Debridman tout bouch la pou pèmèt yon evalyasyon konplè ak dyagnostik - <i>limite a 1 tretman nan nenpòt 12 mwa konsekitif</i>	\$55.00
D4910	Mentyen pawodontal - <i>limite a 1 tretman chak peryòd 6 mwa</i>	\$40.00
D4910	Mentyen pawodontal siplemantè (nan espas peryòd 6 mwa a)	\$55.00
D4921	Irigasyon jenjival - pa kadran	Gratis

D5000-D5899 VI. PWOSTODONSI (Demontab)

- Pou tout pwotèz dantè ak pwotèz pasyèl nou site yo, posyon ou peye a genyen ladan / ajisteman ak kondisyonman tisi, si sa nesesè, pou sis premye mwa aprè plasman an. Moun ki enskri a dwe toujou kalifye epi sèvis la dwe bay nan klinik Dantis li gen kontra avè l / la kote yo te premye mete pwotèz la pou li a.

- Rebazaj, reganisaj ak kondisyonnan tisi limite a 1 pou chak pwotèz pandan nenpòt 12 mwa konsekitif.

- Ranplasman yon pwotèz oswa yon pwotèz pasyèl egzije pou pwotèz ki te déjà la a gen 5 an oswa plis.

D5110	Pwotèz konplè - maksilè	\$335.00
D5120	Pwotèz konplè - mandibilè	\$335.00
D5130	Pwotèz imeda - maksilè	\$355.00
D5140	Pwotèz imeda - mandibilè	\$355.00
D5211	Pwotèz pasyèl maksilè - abaz gòm (ikonpri nenpòt bouk, arè, dan konvansyonèl).....	\$295.00
D5212	Pwotèz pasyèl mandibilè - abaz gòm (ikonpri nenpòt bouk, arè ak dan konvansyonèl)	\$295.00
D5213	Pwotèz pasyèl maksilè - ankadreman metal koule avèk gòm kòm baz pou danti (ikonpri nenpòt bouk, arè ak dan konvansyonèl).....	\$365.00
D5214	Pwotèz pasyèl mandibilè - ankadreman metal koule avèk gòm kòm baz pou danti (ikonpri nenpòt bouk, arè ak dan konvansyonèl).....	\$365.00

D5221	Pwotèz pasyèl maksilè imeda - abaz gòm (ikonpri nenpòt bouk, arè ak dan konvansyonèl).....	\$295.00
D5222	Pwotèz pasyèl mandibilè imeda - abaz gòm (ikonpri nenpòt bouk, arè ak dan konvansyonèl).....	\$295.00
D5223	Pwotèz pasyèl maksilè imeda - ankadreman metal koule avèk gòm kòm baz pou danti (ikonpri nenpòt bouk, arè ak dan konvansyonèl).....	\$365.00
D5224	Pwotèz pasyèl mandibilè imeda - ankadreman metal koule avèk gòm kòm baz pou danti (ikonpri nenpòt bouk arè ak dan konvansyonèl).....	\$365.00
D5225	Pwotèz pasyèl maksilè - baz fleksib (ikonpri nenpòt bouk, arè ak dan).....	\$415.00
D5226	Pwotèz pasyèl mandibilè - baz fleksib (ikonpri nenpòt bouk, arè ak dan)	\$415.00
D5410	Ajiste pwotèz konplè - maksilè	\$12.00
D5411	Ajiste pwotèz konplè - mandibilè	\$12.00
D5421	Ajiste pwotèz pasyèl - maksilè	\$12.00
D5422	Ajiste pwotèz pasyèl - mandibilè	\$12.00
D5510	Reparasyon baz pwotèz konplè ki kase	\$45.00
D5520	Ranplase dan ki pèdi oswa ki kase - pwotèz konplè (chak dan).....	\$25.00
D5610	Reparasyon pwotèz abaz gòm	\$50.00
D5620	Reparasyon ankadreman koule	\$50.00
D5630	Reparasyon oswa ranplasman bouk ki kase - pou chak dan	\$50.00
D5640	Ranplase dan kase - pou chak dan	\$40.00
D5650	Ajoute dan nan pwotèz pasyèl ki déjà egziste	\$40.00
D5660	Ajoute bouk pou pwotèz pasyèl ki déjà egziste - pou chak dan	\$50.00
D5670	Ranplase tout dan ak akrilik sou ankadreman metal koule (maksilè)	\$180.00
D5671	Ranplase tout dan ak akrilik sou ankadreman metal koule (mandibilè)	\$180.00
D5710	Rebazaj pwotèz maksilè konplè	\$100.00
D5711	Rebazaj pwotèz mandibilè konplè	\$100.00
D5720	Rebazaj pwotèz maksilè pasyèl	\$100.00
D5721	Rebazaj pwotèz mandibilè pasyèl	\$100.00
D5730	Reganisaj pwotèz maksilè konplè (bò chèz dantè a)	\$55.00
D5731	Reganisaj pwotèz mandibilè konplè (bò chèz dantè a)	\$55.00
D5740	Reganisaj pwotèz maksilè pasyèl (bò chèz dantè a)	\$55.00
D5741	Reganisaj pwotèz mandibilè pasyèl (bò chèz dantè a)	\$55.00
D5750	Reganisaj pwotèz maksilè konplè (laboratwa)	\$90.00
D5751	Reganisaj pwotèz mandibilè konplè (laboratwa)	\$90.00
D5760	Reganisaj pwotèz maksilè pasyèl (laboratwa)	\$90.00
D5761	Reganisaj pwotèz mandibilè pasyèl (laboratwa)	\$90.00
D5820	Pwotèz pasyèl pwovizwa (maksilè) - <i>limite a youn nan nenpòt 12 mwa konsekitif</i>	\$110.00
D5821	Pwotèz pasyèl pwovizwa (mandibilè) - <i>limite a youn nan nenpòt 12 mwa konsekitif</i>	\$110.00
D5850	Kondisyonnan tisi, maksilè	\$25.00
D5851	Kondisyonnan tisi, mandibilè	\$25.00

D5900-D5999 VII. PWOTEZ MAKSILO-FASYAL - Pa kouvri**D6000-D6199 VIII. SEVIS GRÈF - Pa kouvri****D6200-D6999 IX. PWOSTODONSI, fiks (chak aparèy ak chak pontik konstitye yon inite nan yon pwotèz pasyèl fiks [pon])**

- Lè yon kouwòn e/oswa yon pontik depase sis inite nan menm plan trètman an, chaj moun ki enskri a ka vin ogmante de.... \$100 pou chak inite, aprè 6yèm inite a.

- Ranplasman yon kouwòn, pontik, inle, onnle oswa entèriptè strès nesesite pou pon ki te déjà la a gen plis pase 5 an.

D6210	Pontik - moul metal nòb bon kalite	\$380.00
D6211	Pontik - moul metal ki prensipalman komen	\$280.00
D6212	Pontik - moul metal nòb	\$320.00
D6240	Pontik - pòslèn ki fonn ak metal nòb bon kalite	\$380.00
D6241	Pontik - pòslèn ki fonn ak metal prensipalman komen	\$280.00
D6242	Pontik - pòslèn ki fonn ak metal nòb	\$320.00
D6245	Pontik - pòslèn/seramik	\$380.00
D6250	Pontik - gòm ak metal nòb bon kalite	\$320.00
D6251	Pontik - gòm ak metal ki prensipalman komen	\$220.00
D6252	Pontik - gòm ak metal nòb	\$260.00
D6600	Mentyen inle - pòslèn/seramik, de sifas	\$330.00

D6601	Mentyen inle - pòslèn/seramik, twa sifas oswa plis.....	\$350.00
D6602	Mentyen inle - moul metal nòb bon kalite, de sifas	\$280.00
D6603	Mentyen inle - moul metal nòb bon kalite, twa sifas oswa plis.....	\$290.00
D6604	Mentyen inle - moul metal ki prensipalman komen, de sifas.....	\$180.00
D6605	Mentyen inle - moul metal ki prensipalman komen, twa sifas oswa	\$190.00
D6606	Mentyen inle - moul metal nòb, de sifas.....	\$210.00
D6607	Mentyen inle - moul metal nòb, twa sifas oswa plis	\$220.00
D6608	Mentyen onnle - pòslèn/seramik, de sifas	\$325.00
D6609	Mentyen onnle - pòslèn/seramik, twa sifas oswa plis.....	\$360.00
D6610	Mentyen onnle - moul metal nòb bon kalite, de sifas	\$285.00
D6611	Mentyen onnle - moul metal nòb bon kalite, twa sifas oswa plis	\$295.00
D6612	Mentyen onnle - moul metal ki prensipalman komen, de sifas	\$185.00
D6613	Mentyen onnle - moul metal ki prensipalman komen, twa sifas oswa	\$195.00
D6614	Mentyen onnle - moul metal nòb, de sifas.....	\$205.00
D6615	Mentyen onnle - moul metal nòb, twa sifas oswa plis	\$225.00
D6720	Mentyen kouwòn - gòm ak metal nòb bon kalite	\$320.00
D6721	Mentyen kouwòn - gòm ak metal ki prensipalman komen	\$220.00
D6722	Mentyen kouwòn - gòm ak metal nòb bon kalite	\$260.00
D6740	Mentyen kouwòn - pòslèn/seramik	\$380.00
D6750	Mentyen kouwòn - pòslèn ki fonn ak metal nòb bon kalite.....	\$380.00
D6751	Mentyen kouwòn - pòslèn ki fonn ak metal ki prensipalman komen	\$280.00
D6752	Mentyen kouwòn - pòslèn ki fonn ak metal nòb	\$320.00
D6780	Mentyen kouwòn - ¼ moul metal nòb bon kalite	\$380.00
D6781	Mentyen kouwòn - ¼ moul metal ki prensipalman komen	\$280.00
D6782	Mentyen kouwòn - ¼ moul metal nòb.....	\$320.00
D6783	Mentyen kouwòn - ¼ pòslèn/seramik	\$380.00
D6790	Mentyen kouwòn - moul konplè metal nòb bon kalite	\$380.00
D6791	Mentyen kouwòn - moul konplè metal ki prensipalman komen.....	\$280.00
D6792	Mentyen kouwòn - moul konplè metal nòb	\$320.00
D6930	Re-simante oswa relye pwotèz pasyèl ki fiks	\$20.00
D6940	Entèriptè strès	\$45.00
D6980	Reparasyon danti pasyèl fiks ki nesesè akoz materyél restoratif ki pa mache	\$60.00

D7000-D7999 X. CHIRIJI ORAL AK MAKSILO-FASYAL

- Enkli evalyasyon anvan epi aprè operasyon ak tretman sou anestezi lokal.

D7111	Ekstraksyon, rès kowonè - premye dan yo.....	\$5.00
D7140	Ekstraksyon, dan ki fè eripsyon oswa rasin ki ekspoze (elevasyon epi/oswa anlèvman avèk fòsèp).....	\$8.00
D7210	Ekstraksyon, dan ki fè eripsyon ki nesesite pou retire zo epi/oswa dekoupaj dan an, epi sa gen ladan I elevasyon volè miko-peryoste a si sa endike	\$50.00
D7220	Anlèvman dan ki anfonse nan jansiv - tisi mou	\$60.00
D7230	Anlèvman dan ki anfonse nan jansiv - pasyèlman ose	\$80.00
D7240	Anlèvman dan ki anfonse nan jansiv - konplètman ose	\$110.00
D7241	Anlèvman dan ki anfonse nan jansiv - konplètman ose, avèk konplikasyon chirijikal ki pa abityèl	\$130.00
D7250	Anlèvman rasin rès dan ki rete (pwosedi coupaj).....	\$45.00
D7251	Kowonektomi - anlèvman entansyonèl dan pasyèl	\$130.00
D7270	Re-grefaj dan epi/oswa estabilizasyon dan ki aksidantèlman rache oswa ki deplase	\$120.00
D7280	Ekpozisyon yon dan ki pa fè eripsyon	\$90.00
D7282	Mobilizasyon dan ki fè eripsyon oswa ki malpozisyone pou ede I fè eripsyon.....	\$90.00
D7283	Plasman aparèy pou facilite eripsyon dan ki anfonse nan jansiv.....	Gratis
D7286	Byopsi tisi oral avèk ensizyon - mou - pa enkli pwosedí patoloji nan laboratwa	\$30.00
D7310	Alveyoloplasti konjwentman avèk ekstraksyon - kat dan oswa plis oswa espas dan pa kadran	\$85.00
D7311	Alveyoloplasti konjwentman avèk ekstraksyon - youn a twa dan oswa espas dan, pa kadran	\$85.00
D7320	Alveyoloplasti ki pa fèt konjwentman avèk ekstraksyon - kat dan oswa plis oswa espas dan, pa kadran	\$100.00
D7321	Alveyoloplasti ki pa fèt konjwentman avèk ekstraksyon - youn a twa dan oswa espas dan, pa kadran	\$100.00
D7450	Anlèvman kis oswa timè - lezyon odontojenik benen dyamèt jiska 1.25 cm.....	Gratis
D7451	Anlèvman kis oswa timè - lezyon odontojenik benen dyamèt plis pase 1.25 cm.....	Gratis
D7471	Anlèvman egzotis lateral (maksilè oswa mandibilè)	\$85.00

D7472	Anlèvman zo nan palè a (torus palatinus).....	\$85.00
D7473	Anlèvman zo nan mandibilè a (torus mandibularis).....	\$85.00
D7510	Ensizyon ak drenaj absè - tisi mou entra-oral	Gratis
D7960	Frenilektomi - yo rele frenektoni oswa frenotomi tou - pwosedi apa ki pa gen rapò ak yon lòt pwosedi.....	\$15.00
D7970	Koupaj tisi ipéplastik - pou chak ach	\$75.00
D7971	Koupaj jansiv peri-kowonè	\$75.00

D8000-D8999 XI. OTODONSI

- *Kotpa ki site pou chak faz tretman ôtodontik (limite, entèseptif oswa konplè) kouvri jiska 24 mwa tretman aktif. Aprè 24 mwa, yon frè mansyèl siplemantè, ki pa dwe depase \$125.00, ka aplikab*

- *Kotpa retansyon an enki ajisteman epi/oswa vizit nan ofis dantis la jiska 24 mwa.*

Dosye avan ak aprè tretman ôtodontik genyen ladan I:

Benefis pou dosye anvan trètman ak sèvis dyagnostik genyen:..... \$200.00

D0210	Entra-oral - seri imaj radyografik konplè	
D0322	Sondaj tomografik	
D0330	Imaj radyografik panoramik	
D0340	Imaj radyografik sefalometrik 2D - akizisyon, mezi ak analiz	
D0350	Imaj fotografik oral/fasyal 2D ki fèt entra-oralman oswa ekstra-oralman	
D0351	Imaj fotografik 3D	
D0470	Moul dyagnostik	
	<i>Benefis pou dosye aprè trètman genyen:..... \$70.00</i>	
D0210	Entra-oral - seri imaj radyografik konplè	
D0470	Moul dyagnostik	
D8010	Tretman ôtodontik limite pou dantisyon primè.....	\$1,150.00
D8020	Tretman ôtodontik limite pou dantisyon tranzisyonèl - <i>timoun oswa adolesan jiska laj 19 an</i>	\$1,150.00
D8030	Tretman ôtodontik limite pou dantisyon adolesan - <i>adolesan jiska laj 19 an</i>	\$1,150.00
D8040	Tretman ôtodontik limite pou dantisyon adilt - <i>adilt, ikonpri timoun adilt ki depandan ki kouvri ant laj 19 a 25 an</i>	\$1,350.00
D8050	Tretman ôtodontik entèseptif pou dantisyon primè.....	\$1,150.00
D8060	Tretman ôtodontik entèseptif pou dantisyon tranzisyonèl.....	\$1,150.00
D8070	Tretman ôtodontik konplè pou dantisyon tranzisyonèl - <i>timoun oswa adolesan jiska laj 19 an</i>	\$1,900.00
D8080	Tretman ôtodontik pou dantisyon adolesan - <i>adolesan jiska laj 19 an</i>	\$1,900.00
D8090	Tretman ôtodontik konplè pou dantisyon adilt - <i>adilt, ikonpri timoun adilt ki depandan ki kouvri ant laj 19 a 25 an</i>	\$2,100.00
D8660	Egzamen pou tretman anvan ôtodonsi pou siveye kwasans ak devlopman.....	\$25.00
D8680	Retansyon ôtodontik (anlèvman aparèy, konstriksyon ak plasman retansyon detachab).....	\$275.00
D8681	Ajisteman retansyon ôtodontik detachab.....	Gratis
D8999	Pwosedi ôtodontik ki pa espesifye, daprè rapò - <i>ikonpri sesyon planifikasyon pou tretman</i>	\$100.00

D9000-D9999 XII. SÈVIS JENERAL TANPORE

D9110	Tretman palyatif (kadijans) pou doulè nan dan - pwosedi minè.....	\$15.00
D9211	Anestesi blök reyjonal	Gratis
D9212	Anestesi blök divizyon trijimo	Gratis
D9215	Anestesi lokal konjwentman avèk pwosedi operasyon oswa chirijikal	Gratis
D9219	Evalyasyon pou sedasyon pwofon oswa anestesi jeneral.....	Gratis
D9223	Sedasyon pwofon/anestesi jeneral -chak pòsyon 15 minit.....	\$80.00
D9243	Sedansyon/analjezi entravene modere (konsyan) - chak pòsyon 15 minit	\$80.00
D9310	Konsiltasyon - sèvis dyagnostik yon dantis oswa doktè bay apade dantis oswa doktè ki te mande pou resevwa sèvis la.....	\$25.00
D9311	Konsiltasyon avèk pwofesonèl swen medikal	Gratis
D9430	Vizit nan ofis pou obsèvasyon (pandan lè vizit nòmal ki pwograme) - san yo pa bay ankenn lòt sèvis.....	\$5.00
D9440	Vizit nan ofis - aprè lè vizit nòmal ki pwograme	\$35.00
D9450	Prezantasyon ka, planifikasyon tretman detaye epi konplè.....	Gratis
D9932	Netwayaj ak enspeksyon pwotèz konplè ki detachab, maksilè	Gratis
D9933	Netwayaj ak enspeksyon pwotèz konplè ki detachab, mandibilè	Gratis
D9934	Netwayaj ak enspeksyon pwotèz pasyèl ki detachab, maksilè	Gratis
D9935	Netwayaj ak enspeksyon pwotèz pasyèl ki detachab, mandibilè	Gratis
D9940	Plak oklizal, daprè rapò - <i>limite a youn nan 3 an</i>	\$100.00
D9943	Ajisteman plak oklizal.....	\$10.00

D9951	Ajisteman oklizal, limite.....	\$50.00
D9952	Ajisteman oklizal, konplè.....	\$100.00
D9975	Blanchisaj eksèn pou aplike lakay ou, pou chak ach; enkli materyèl ak fabrikasyon plak sou mezi - <i>limite a yon plak blanchisaj ak jèl pou de semèn pou fè tretman lakay ou.</i>	\$125.00
D9986	Randevou ou rate - <i>san w pa bay yon notis 24 èdtan - pou chak 15 minit lè randevou.</i>	\$10.00
D9987	Randevou ki anile - <i>san w pa bay yon notis 24 èdtan- pou chak 15 minit lè randevou.</i>	\$10.00
D9991	Jesyon ka dantè - egzamine rezon ki anpeche w respekte randevou	Gratis
D9992	Jesyon ka dantè - koòdinasyon swen.....	Gratis

Si dantis sou kontra a ofri sèvis pou yon pwosedi ki nan lis la, manm ki enskri a ap peye pou kotpa ki espesifye a. Delta Dental dwe otorize alavans pwosedi ki site yo ki nesesite pou yon dantis bay sèvis espesyalize, epi se dantis sou kontra a ki fè rekòmandasyon pou sèvis sa yo. Moun ki enskri a peye kotpa ki fikse pou sèvis sa yo.

Limit ak eksklizyon benefis

ORÈ B

Limit Benefis yo

1. Frekans kèk benefis limite. Wap jwenn tout limit frekans yo nan Orè A, *Deskripsyon sou benefis ak kotizasyon*.
2. Si moun ki enskri a asepte yon plan pou trètman nan men yon Dantis ki gen yon kombinezon plis pase 6 kouròn, ranplasman dan atifisyèl ak/oswa agraf, Moun ki enskri a ka peye \$100 an plis de pòsyon li peye pou chak nan sèvis sa yo apre 6yèm inite yo ba li a.
3. Anestezi general ak/oswa sedatif yo bay nan venn/analgezi, limite a yon trètman ke yon chirijyen pou bouch ka bay an rapò ak yon referans apwouve pou yo ka retire yonn oswa plis empakson osez konplè (Pwoedi D7230, D7240, and D7241).
4. Benefis yon dantis pedyat bay limite a timoun jiska laj sèt an aprè dantis sou kontra ki asiyé a te eseye trete timoun nan epi aprè Delta Dental bay otorizasyon pou sa, mwens kotpa ki aplikab yo. Sof nan ka kondisyon medikal, san konsidere limit nan laj, n ap konsidere sa defason endividyièl.
5. Frè yon manm ki enskri k ap resevwa tretman ôtodontik ki anile oswa ki tèmine pou nenpòt rezon ap gen pou peye pral baze sou frè nòmal ôtodontis sou kontra a chaje pou plan tretman an. Otodontis ki sou kontra a pral repati kantite lajan an pou kantite mwa ki rete yo fini tretman. Moun ki enskri a peye Otodontis la direkteman menm jan yo te dako a.
6. Tretman Otodontik ki déjà komanse limite a nouvo Moun ki enskri nan pwogram DeltaCare USA a nan moman premye dat la efektif, ka komanse yon tretman aktif nan plan dantè premye anplwayè a te peye pou li a, toutotan li kontinye elijib nan pwogwam DeltaCare USA a. Tretman aktif vle di dan an komanse bouje. Moun ki enskri yo responsab tout kotizasyon ak frè sou rezèv provizyon plan dantè yo te genyen anvan an. Delta Dental responsab finansyèman sèlman pou montan ki pat peye pa plan dantè ki te genyen anvan an pou ka otodontik ki kalifye.
7. Benefis pou yon pwogram jesyon tisi mou limite a pati ki site nan sèvis ki kouvri yo ki nan Orè A, *Deskripsyon benefis ak kotpa*.

Eksklizyon Benefis

1. Tout pwosedi ki pa site espesyalman nan Orè A, *Deskripsiyon Benefis ak Kotpa*.
2. Tout pwosedi nan opinyon profesyonel Dantis Kontra a:
 - a. gen yon pwonostik ki defavorab pou yon rezulta ki reyisi ak lonjevitè ki rezonab daprè kondisyon dan an oswa dan yo epi/oswa estrikti ki antoure l yo, **oswa**
 - b. pa konsistan avèk estanda pou dantisri ki jeneralman akseptab.
3. Sèvis pou bi kosmetik sèlman, aleksepson pwosedi D9975 (Blanchisaj ekstèn pou aplikasyon lakay ou, pou chak ach), oswa pou kondisyon ki se rezulta ereditè oswa defo nan devlopman, tankou fant palatin, defòmasyon machwè siperyè ak machwè enferyè, dan ki natirèlman manke ak dan ki dekolore oswa ki manke enamèl, eksepte pou tretman timoun ki fèk fèt ki gen anomalie konjenital.
4. Kouwòn pòslèn, pòslèn ki fonn ak metal, metal koule oswa gòm ki gen kouwòn ak tip metal ak pwotèz pasyèl fiks (pon) pou timoun ki poko gen 16 an.
5. Aparèy ki pèdi oswa yo vòlè, danti konplè oswa pasyèl, mentyen espas ak kouwòn ak danti pasyèl fiks (pon).
6. Pwosedi yo, aparèy oswa restorasyon, si bi a se chanje dimansyon vètikal, oswa dyagnostik oswa pou trete kondisyon anòmal nan jwenti nan tanpowo-mandibilè (TMJ).
7. Metal presye pou aparèy detachab, metalik oswa pèmanan baz Metal presye pou anlèvman aparèy, baz mou metalik oswa pèmanan pou danti konplè, dan danti pòslèn, pilye presizon pou anlèvman danti pasyèl ki detachab oswa ki fiks (revètman, grèf ak aparèy ki asosye avèk sa) ansanm ak pèsonalizasyon ak karakterizasyon danti konplè ak pasyèl.
8. Aparèy dantè ki sipòte grèf ak attachman, plasman grèf, mentyen, anlèvman ak tout lòt sèvis ki asosye avèk yon grèf dantè.
9. Konsiltasyon pou benefis plan an pa kouvri.
10. Sèvis dantè ou resevwa nan men nenpòt etablisman dantè apade dantis sou kontra yo asiyé w la, yon espesyalis dantè ki otorize, oswa yon ôtodontis sou kontra eksepte pou *sèvis nan kadijans* jan sa dekri nan kontra a epi/oswa sètifica asirans lan.

Limit ak eksklizyon benefis

11. Tout frè ki gen rapò ak admisyon, itilizasyon, oswa sejou nan yon lopital, sant chirijikal pou pasyan ki pa entène, etablisman pou swen pwolonje oswa lòt etablisman swen similè.
12. Medikaman ou achte avèk preskripsyon
13. Depans dantè ou fè an rapò ak nenpòt pwosedi dantè oswa ôtodontik ki te kòmanse anvan elijiblite manm ki enskri a nan pwogram DeltaCare USA a. Kèk egzamp enkli: dan yo prepare pou kouwòn, kanal rasin ki ankou, pwotèz konplè oswa pasyèl kote yo te gen tan fè anprent ak ôtodonsi amwenske ou kalifye nan dispozisyon pou tretman ôtodonsi ki ankou.
14. Aparèy ôtodontik ki pèdi, yo vòlè oswa ki kase.
15. Chanjman nan tretman ôtodontik ki nesesè akoz nenpòt kalite aksidan
16. Aparèy epi/oswa terapi miyofonksyonèl ak parafonksyonèl
17. Sipò konpozit oswa seramik, adaptasyon lengwal bann ôtodontik ak lòt altènativ espesyalize oswa kosmetik ak aparèy ôtodontik estanda ki fiks oswa ki detachab.
18. Tretman oswa aparèy yon dantis bay epi li espesyalize nan sèvis pwostodonsi
19. Nenpòt pati nan yon pwogram preventif oswa jesyon tisi mou ki pa site nan sèvis ki kouvri nan Orè A, *Deskripsyon benefis ak kotpa*.

Enfòmasyon ki itil sou pwent dwèt ou

Tyeke pwogram byennèt SmileWay® nou an

Jwenn resous pou sante oral, ikonpri zouti pou oto-evalyasyon, kesyonè, atik, videyo ak yon abònman nan *Grin!*, ki se jounal elektwonik nou an ki pale sou byennèt nan zafè dantè, nan mysmileway.com.

Jwenn yon dantis nan rezo a ki toupre w

Itilize zouti pratik nou an "Jwenn yon dantis" epi chwazi DeltaCare USA kòm rezo w.

- Jwenn yon dantis toupre lakay ou oswa ofis ou
- Restrenn rechèch ou a daprè lokalite, espesyalite, lang ou pale — ak anpil lòt bagay ankò

Anrejistre pou yon kont sou entènèt

Itilize aparèy mobil ou oswa òdinatè w pou anrejistre pou yon kont sèvis sou entènèt ki sekirize.

- Egzamine benefis plan w lan
- Gen aksè nan kat idantifikasyon w lan

Kontakte nou

Ou bezwen èd? Fè nou konnen.

Sou entènèt: Vizite deltadentalins.com/about/contact/contactUs_ddic.html epi chwazi fòm "DeltaCare USA Customer Service" (Sèvis Kliyan DeltaCare USA)

Ekri nan:

Delta Dental Insurance Company
1130 Sanctuary Parkway
Alpharetta, GA 30009

Rele gratis: 800-422-4234

Ajan sèvis kliyan nou yo disponib de lendi a vandredi, 8 a.m. a 9 p.m., lè zòn lès. Oswa, itilize sistèm telefòn otomatik nou an, disponib 24 sou 24, 7 sou 7.

Souskri pa:

Delta Dental Insurance Company
1130 Sanctuary Parkway
Alpharetta, GA 30009

Administre pa:

Delta Dental Insurance Company
1130 Sanctuary Parkway
Alpharetta, GA 30009

NOTE: Sa a se sèlman yon ti rezime tou kout plan w lan.

Bwochi sa a pa fèt pou l ranplase tiliv plan w lan ki legalman obligatwa. Se kontra Group Dental Service la ki detèmine kondisyon egzat kouvèti w la. Tanpri gade nan "Deskrípsyon benefis ak kotpa" ak "Limit ak eksklizyon benefis" nan bwochi sa a pou yon lis konplè sou pwosedi ki kouvari, kotpa, limit ak eksklizyon plan an. Epitou ou ka konsilte Prèv/Sètifikasi Asirans ou an ou pral resevwa pa lapòs aprè w fin enskri. Si w vle egzamine yon prèv/sètifikasi asirans anvan w enskri, ou ka mande yon kopi lè w rele nan depatman sèvis kliyan an nan 800-422-4234.